


*An n fè tou sal i din fè*



*¡Lè a rive!*

Orizon Enspiratè Lavi Relijyez  
Amerik latin nan ak Karayib

2018 - 2021

## Deskripsiyon Ikón KLAR a

Ikón Lavi Relijyez Amerik latin nan ak Karayib la chwazi pou yo kab fè wout ansanm ak li se Nòs Kana a.

Imaj sila a se atis pent Hernando Acevedo, ki gen ti non gate “el Negro”, se li ki te fè tablo sa a ak bél koulè, li fè l tou won pou l te ka eksprime pi byen sa ki genyen nan Orizon Enspiratè a.

Fòm won imaj la montre n sa Lavi Konsakre Latinoameriken an ak Karayib la vle fè pou l mache nan direksyon yon nouvo mòd pou l fòme Legliz la: Yon Legliz ki pran fòm sinòd la, patisipatisyon, men nan men, yon menm listwa, yon Legliz kè kontan ki pa eskli pèsonn moun. Se gwo eksperyans sa yo rele n pou n viv anasanm nan.

Nan bout anba imaj la, epi kòm fondman li, nou jwenn desen dlo a, an koulè ble, sa ki siyifi dimansyon espirityèl la. Jezi se sant lavi nou, se pou sa nou vle pou l rantre nan tout sa ki gen rapò ak Lavi nou. Se pou opsyon li yo tounen opsyon pa nou. Se pou tout bagay resevwa gout dlo prensip Levanjil la. Bondye tounen moun, pèleren nan listwa nou, nan li nou jwenn tout bagay epi li pwòch nou tout.

Nan bout anwo imaj la nou jwenn koulè tè yo toutotou tankou yon solèy k ap klere tout bagay, ki fè nou wè pi klè tout sa yon moun ye. Koulè klè a ak koulè nwa ki detenn sou tout imaj la reprezante fon sèn nan kote tout desen an vin chita.

Nou jwenn tou sis (6) krich en koulè brik, nan tout fòm, nan tout gwosé ki chita nan yon pozisyon espesyal... Se krich ki la pou resevwa diven an, dlo lavi a... Se krich ki ka sèvi pou transforme ak chanje sitiasyon yo, epi pou lavi kap boujonnen ak tous fòs li an kantite pou tout moun, lavi ki pap jann fini an. Se diven ki gaye a lè anpil fanm ak gason bay lavi yo chak jou pou yon pèp nouvo.

Pèspektiv tablo a prezante nou yon group pèleren, frè ak sè, moun ki deside soti deyò epi ki dispoze yo rantre nan fwontyè sosyal ak ekzistansyèl yo nan konviksyon ke “lè a rive”.

Nan mitan imaj la nou jwenn vizaj Jezi ak Mari, yon melanj yonn ak lòt tankou yo fòme yon sèl figi, yon vizaj ki ap bay istwa a vrè sans li, istwa pak la, yon istwa ki mande nou pou nou pote kwa nou ak tout konsekans li genyen.

# Pregantasyon

Chè frè m ak Sè m yo:

*An n fè tou sal i di n fè  
¡Lè a rive!*

Nan konjonkti pèp Latinoameriken yo ap viv kounye a, make ak yon seri demokrasi frajil anpil lakòz kòripsyón, abi pouvwa, moun k ap kite peyi yo, ki fè kontinan nou an sanble yon pèp ki an egzòd, gwo kout rèl pòv yo ak jefò endiye yo ki vle louvri wout chanjman an, lajistis ak lapè a. Nou kapab konsidere tou, kontan-plasyon reyalite kay ki pou nou tout la, yon tèritwa bwaze, fètil, ki andanje akòz eksplwatasyon lezòm ap fè, sistèm politik ak ekonomik k ap kraze brize, k ap chèche richès epi ki bay pwòp byen pa yo plis enpòtans pase byen kominote a. Nou kapab konstate tou frajilite nou ak peche k ap sal idantite Legliz la, sa ap mande nou pran pozisyon nou tout swit bò kote lavi a, nan batí ansanm, nan pran inisyativ ki an favè diyite moun, patisipasyon ak yon mirak k ap sòti nan men nou tout.

Reyalite pèp nou an ak Legliz nou an, lanse n yon defi pou n k ap aprann koute, pou nou k ap gade sitiyasyon yo ak yon rega kontanplatif, lè nou santi ke tout bagay fini nèt. N ap pale de sitiyasyon ki bezwen nou mande Jezi voye je l sou yo, pou apati yon fidelite k ap kreye lavi, nou k ap fè sa Jezi mande n pou n fè, nan jan pa li, nan estil pa l ak kritè li yo nan amoni ak opsyon l yo.

Nan Rasانبلeman Jeneral KLAR a ki te fèt fwa pase a, nan kad Kongrè nou te fè sou memwa Medeyin lan ak nan kad senkantyèm lane Konferans Evèk Latinoameriken yo, yon moman lagras pou Legliz nou an, nou te aksepte kòm lkòn pou twa prochenn lane yo 2018-2021: Nòs Kana.

*An n fè tou sa li di nou fè. "Li lè li tan!" se yon lòd nou pa kapab chanje. Ansanm ak Mari nou envite nan fèt wayòm Bondye a, bankè sila a ki gen plas pou tout moun, epi tou eksperyans moun ki pa genyen yo, mennen nou poze kèk aksyon an favè yo dapre prensip ak fondman rèl vwa Jezi, li menm sèl k ap mobilize nou pou nou chanje estrikti pouri yo ak mantalite ki paralize yo akòz move atitud ki defigire moun.*



Mari ap kontinye envite nou "soti al rankontre ak Lavi a", pawòl li mobilize nou, li sitiye nou pou n soti ansanm ak lòt yo pou n k ap ofri sa ki nesesè pou chanjman an kap rive vre, pou tout bagay vi n tou nèf. Lè sa a, nou kapab kontinye fete tankou yon pèp ki gen konsyans moun legliz, dapre prensip sinòd la, ak fòs lesperans pou nou kenbe Legliz la.

Orizon Enspiratè sa a rive nan men nou egzakteman lè nou ap fete 60 tan egzistans KLAR la, epi li reprezante yon posiblite pou nou kab sonje yon bann relije ak relijyèz ki bay lavi yo pou kòz reny Bondye a nan Amerik la. Se moman tou pou nou kab sonje sila yo san yo te koule a pou nou k ap pran yon angajman ki pi solid ak limyè Lespri a, nan animasyon Pawòl la, pou nou k ap defann lavi pa tout mwayen posib, depi nan premye monan li kòmanse jèmen an.

Orizon Enspiratè sila a jwenn rasin li nan koute n ap koute reyalite a, nan yon dinamik kominotè ak disèneman, nan yon rechèch nan tèt kole, epitou nan lapriyè pou nou kapab santi kisa Bondye vle nou fè pou Lavi Konsakre nan pelerinaj Amerik Latin nan ak Karayib La. Orizon sa a vle kontribiye nan dinamize lavi misyonè nou. Angajman chak epi tout Konferans nasyonal yo ak efò yon pakèt fanm ak gason ap fè pou konsakre lavi yo pi plis bay Bondye nan kontinan nou an, sa rann posib ke pawòl nou yo chanje an aksyon, ak opsyon, an kritè konkrè pou nou wè ki kote n ap mache...

Se pou Mari ki te nan nòs Kana a, fanm sa a ki atantif nan tout reyalite nou yo, epi ki toujou prêt pou l pran swen lòt yo ki bò kote l la, kontinye anime nou ak pawòl ki ba nou fòs pou n vanse pi devan, pou tankou li nou kapab fikse je nou sou Jezi pou n koute sa l ap di nou fè. Se pou nou mache bò kote l ak yon konsyans ki fè nou santi n pitit Bondye, pou nou k ap dispoze nou pou n transfòme reyalite a nan rit lavi kominotè a, lè nou met ansanm lesperans nou epitou lè nou kwè nan aksyon Lespri Sen an ki fè fèt la k ap pwolonje.

Sè Gloria Liliana Franco Echeverri, ODN  
Prezidant la KLAR




Konteks

## Wè Koute

### Konteks Sosyete a

Amerik Latin lan ak Karayib la se yon siy lesperans yo ye akòz tout kalite moun ak kilti yo gen. Se yon rejyon ki gou nan divèsite, metisaj ak tout kalite moun, ak yon mòd vi fwatènel san konte tout ekspression atistik ak kiltirèl yo, ki



fè zòn sa a tounen yon vrè lye kote lavi makònèn ansanm ak reyalite a. Rejyon sa a reflechi non sèlman pou pwòp tèt pa I men tou pou tout moun sou latè beni depi reyalite kè kontan li a, ak pwòp metòd li a nan twa dimansyon li yo: socioanalitik, entèpretasyon ak pratik. Sa nou sòt site anvan yo la a defini sa nou ye ak sa nou ap fè, pouvwa panse ak kreyasyon nou, ak fòs nouvo aktè politik yo ak sosyal yo k ap chache fè lavi fleri.

Yon lòt kote, sa fè nou mal anpil lè nou wè ke Amerik latin lan ak Karayib la vin tounen yon espas kapitalis ak opilans, ki fè teritwa nou yo vin tounen yon chan batay ant moun k ap chache lavi yo ak povwa ekonomik yo k ap jere espas richès yo, epi ki ap depafini resous natirèl nou yo. Sa fè n lapenn anpil lè nou wè pwòp gouvènman nou yo rantre nan konplisite ak gwo endistri yo pou fè lanati ap deperi ansanm ak valè politik, sosyal, ekonomik ak espirityèl. Tout gwo twou sila yo, okazyone inegalite ki pouse moun pran kanntè, yo kòz esklavaj modèn yo, lanmò lidè sosyal ak anviwònman yo, sa rann sosyete a vin pi fèb epi tou fanmy yo fi n dechire. Kout je nou sot fè sou defi estrikti yo, fè nou rele bien fò pou Lavi Konsakre a k ap di yon mo sou sa.

## Sa ki gen rapò ak Legliz la

Aktyèl tèt Legliz ap fè pwomosyon pou yon Legliz misyonè ki soti mete tèt deyò, yon Legliz nan sans sinòd ki rasable tout moun epi ki konn bay moun premye plas, ki bay moun valè, akonpaye moun, fè yo bay rannman ak fete, paske kè kontan levanjil la plen lavi kominate a. Legliz sila ap envite nou koute sa Granmèt la ap di nou, an menn tan pou koute sa Lespri a ak reyalite pèp la ap montre n, paske jodi a tankou ayè gen gwo kri kap monte toujou ak insistans.

Gwo Lanmizè, fwi enjistik ak kòripsyon pap kontinye pese sou do malere yo nan rèy Bondye a. Legliz la tankou yon manman ki pa kab rete an silans. Se pou sa Amerik latín nan ak Karayib la, ta vle wè ak yon konfyans renoukle, temwayaj gadò li yo... Yo swete jwenn lidè k ap kondi yo tout bon vre, lidè ki gen kran, bon konprann ak mizerikòd nan mitan kriz n ap viv yo. Depi nan mitan reyalite a nou santi nesesite an ijans, pou n rekipere Levanjil la nan rasin li, jan nou jwenn sa ekri nan dezyèm konferans Evèk yo nan Medeyin lan. Kè Evèk yo fè yo mal anpil devan ijans pou fè fas ak tout gwo nesesite sila yo nan sosyete a, ak yon pwofetism renoukle nan sèvis pòv yo ak nan defans kay ki pou nou tout la, tè a.



Legliz la nan kontinan nou an ap kontinye mache ant limyè ak tenèb. Eksperyans frajilite ak peche fè l vin pi vilnerab an menm tan tou, li pèmèt li gran nan imilite l pou l kab chèche chemen konvèsyon. Ak anpil dlo nan je nou obsèye yon gwo tandans klerikal andan Legliz nou an, abi seksyèl, abi pouvwa, ki ap pèsiste epi ki rann Legliz la fèb anpil nan jefò pou l k ap vin tounen yon Legliz pòv yo, nan sèvis pòv yo.

Nan dènye jou sa yo, nou tande pale sou anpil ka abi seksyèl minis òdone yo ak Relijye yo poze nan Legliz la. Devan ka pedofili yo, plizyè fwa nou jwenn yon atitud kase fèy kouvri sa, yon jan ki ap chèche detounen rega moun viktим yo.

Gwo zak malonèt sila yo se "krim ki bay kè plen yo ye" – tankou Pap Franswa di l la - epi tou sepa san rezon, akoz tò yo fè viktим yo, bagay sila yo fè Legliz rantre nan yon gwo kriz konfyans. Nou kab wè yon gwo vid ant konpòtman ki pa antre nan sans Levanjil ak tèt di kèk sektè nan Legliz ki ap defann yon moral seksyèl rijid, ki pa rekonèt divèsite seksyèl, ki diskriminen medam yo.

Blesi sa yo ke sitiyasyon yo kòz nan mitan pèp Bondye a rann pi fò kouraj sila yo a, ki nan non Levanjil la oze denonse ak kesyonen estrikti ak politik yo k ap pilonen etik kreyen yo. Òganizasyon layik yo avèk yon lanmou ki pap janm fini pou Legliz la, fè tande vwa yo malgre anpil efò kèk sektè ap fè pou yo fèmen bouch yo. Rezilta jefò sila yo plis an favè pase kont, yo vini nan bon moman. Yo konstitye yon gwo rèl ki egzije la verite, lajistik ak reparasyon; anplis de sa, yo reklame chanjman andedan Legliz la.

Ak tou sa, nan nivo ki pi ba nan Legliz la, jèmen kèk siy pou yon Legliz nouvo. Alawonnbadè nan kontinan an kèk ti reyon limyè k ap banou lesperans. Kominote Legliz vivan yo ak dinamik yo ap klere devanjou tan nouvo a. Malgre kouto (ponya) nan do Legliz la resevwa yo, sa pemèt li tounen yon Legliz sè, yon Legliz apranti, ak yon pwofesi ki rekonèt siksè ak move tan nan chemen ekoloji integral, bò kote viktим yo, pou l kab bay repous devan tou gwo rèl sosyal ak anviwònman yo nan tan istorik sa a.

## Sa ki gen pou wè ak Lavi Konsakre a

Chanjman brid sou kou k ap fèt nan tout sans nan sosye-



te nou yo, devan yon reyalite "chanjman epòk la", jwe yon wòl fondamantal nan transfòmasyon mentalite yo nou gen depi plizyè syèk nan sans yon Lavi Relijyez ak espirityalite kreyen yo. Menm jan tou nan mitan Lavi Konsakre a, kèk gwo chanjman te pote. Malgre sa, Lavi Konsakre toujou pran rasin nan mitan pèp la, li patisipe nan moman difisil li yo pou l vi n tounen siy prezans Bondye ak aktè transfòmasyon pèsonèl ak sosyal sou tout sèn kote li prezan. Nan minorite l, malgre l piti epi frajil anpil, li vin tounen siy aksyon Bondye ki akompaye reyalite moun yo nan jès rankont, rekonsilyasyon, ouvèti, nan pran swen lavi ak fêt.

Menm jan tou, Lavi Konsakre a bay siy ke li pa fin anfòm nèt, li bay siy fatig ki pwovoke anpil difikilte nan relasyon moun ak moun, li gen anpil travay pou l fè menm si li manke travayè, epi tou, nou obsève yon kriz otorite ak rezistans devan kesyon chanjman pratik yo, ak estrikti yo ki pa reponn devan nouvo defi ak bezwen kominate yo ak kontèks yo.

Nou pran konsyans de richès miltikiltirèl nou yo, nou se amerendyen, afroameriken, afrokaryibeyen, amazonyen, epi nou patisipe nan transfòmasyon intèkiltirèl ak transkiltirèl tout limanite. Nou santi Bondye rele nou pou vin tounen disip ak siy profetik yon imanizasyon jan Levanjil la mande l la. Li lè pou n konvèti a tout bon vre an ijans, pou nou adopte fòm sinodal la tankou yon nouvo mòd pou n tounen Legliz, pou n fè kilti rankont ak divès vokasyon ak ministè yo jèmen, pou n pataje lavi ak misyon kominate ak karis nou yo nan yon nouvo mouvman k ap boujonnen.

Sa nou ye a, pouse n vin tounen siy pwofetik reny Bondye a, li mande n pou nou rankontre ak Jezi ak pasyon ak kontinite nan lavi li, nan pawòl li, pou nou k ap rekonèt siy Lespri sen yo nan yon disèneman, nan sans Levanjil la, epi tou pou n k ap kite nou transfòme nan fòme kominate youn ak lòt, nan jan n ap selebre lafwa n ak sèvis pastoral yo. Li ijan pou n kreye estrikti ki mare ansanm nouvèl pratik ki fè nou kapab bay akolad youn ak lòt tankou moun nouvo epi tou tankou sèn kilti yo k ap boujonnen yo.



# Kite bagay sila yo touche Kè w

Tankou Lavi Konsakre Latinoameriken ak Karayib la, nou renouvle opsyon n pou mounn yo meprize yo nan tan sila a, nou manifeste ke nou vle mache kòt a kòt ak yo epi pataje blesi yo nan sans sila yo nou pral site la a....

- Moun ki pi vilnerab yo epi tout viktim lòt fason yo fe esklavaj nan syèk sa a;
- Medam yo pa bay valè yo ak sila yo meprize yo;
- Lavi jèn yo nan moman istorik sa a;
- Granmoun aje yo;
- Kilti afro ak indijèn yo; ak yon kout je espesyal sou reyalite amazonik la;
- Moun k ap kite peyi yo a, sila yo ki kite kay yo sou presyon ak refijye yo;
- Viktim move trètman, sentaniz ak viktim tout kalite abi;
- Moun yo ak divèsite jan yo.

Tout vizay sila yo pote non, epi nou konn ki kote yo soti nan fèt lavi a ke nou tout nou se envite nou ye.

***Se pou sa nan twa lane k ap vini yo ,  
nou envite n louvri kè nou pou n kap:***

Koute sa Jezi ap di n nan moman sa, epi avèk li e tankou li, n ap mache nan direksyon yon nouvo mòd pou fòme Legliz la, sila a ki kite l transfòme an disip pou l kap sèvi, yon Legliz pwofèt ak misyonè.



# Akr Cimye Labib Ca

## Jije Disènen Santi ak panse

Jan 2,1-12

De jou apre sa, te gen yon maryaj lavil Kana nan peyi Galile. Manman Jezi te la, yo te envite Jezi ak disip li yo nan nòs la tou.

Rive yon lè pat gen diven ankò. Manman Jezi di l konsa:

Yo pa gen diven ankò non. Men Jezi reponn li: Nan kisa mwen ye avè w, madanm? Lè pa m lan poko rive. Lè sa a, manman Jezi di moun ki t ap sèvi yo: Fè tou sa l di nou fè. Te gen sis (6) gwo ja fèt an wòch ki te sèvi pou jwif yo lave kò yo dapre koutim yo. Yo te gwo ase pou chak te kenbe ven, trant galon konsa. Jezi di moun ki t ap sèvi yo: Plen ja yo dlo. Yo plen yo ra bouch. Lè yo fini, Jezi di yo: Pran ti gout nan dlo sa a, pote bay chèf kanbiz la goute. Yo pote ti gout bay chèf kanbiz la. Chèf kanbiz la goute dlo ki te tounen diven an. Li pa t konnen ki bò diven sa a te soti. (Men, domestik yo ki te pran dlo a te konnen.) Li rele nomm ki t ap marye a, li di li konsa: Tout moun sèvi pi bon diven an anvan. Se apre tout envite yo fin sou, se lè sa a yo sèvi diven ki pa twò bon an. Men ou menm, ou te sere pi bon diven an. Se koulye a w ap sèvi l. Se konsa Jezi te fè premye mirak li lavil Kana nan peyi Galile. Li te fè wè pouvwa li. Sa te fè disip li yo kwè nan li. Apre sa, li ale lavil Kafanawòm ansanm ak manman l, frè l yo ak disip li yo. Yo pase de twa jou la.

# Aplike TÈKS la nan sans LAVI nou

## 6 Mo Kle pou intèpretasyon tèks la

Ki kote n vle fikse je nou?

Ki sa nou vle reflechi plis sou li nan chemen n ap swiv la?

Ki krich nou vle plen ak dlo, pou l k ap chanje an bon diven  
lavi nan chemen nou tankou Lavi Konsakre nan Kontinan an?



# pwòp vokasyon n ak bon sans

- Rekipere sa ki andan Levanjil la pou n k ap viv lajwa nou yon fason radikal epi novo, moman konsekrasyon nou kòm temwen otantik nan swiv nap swiv Jezi a.
- Kase tèt tounen vin jwenn Jezi nan viv nap viv sa ki esansyèl yo, nan espirityalite ki entegre eksperyans yo, epi tou ak eksperyans sila yo nou k ap pote chanjman nan vizaj Enstitisyon nou yo.
- Rann prosesis yo pi imen (pi respekte moun), pi kominotè, ak yon fòmasyon ant jenerasyon yo, ant kilti yo, ak kongregasyon yo, intèdisiplinè, yon fòmasyon k ap pèmèt nouvèl jenerasyon yo devlope, epi tou ofri talan yo pou yo k ap tounen pwofesi lajwa ak lespwa pou tout moun.
- Pran responsabilite fòmasyon an tankou yon procesis dinamik permanant ki fè nou pran dispozisyon viv entegralman (nèt ale) tankou temwen ki konsyan vokasyon Lavi Konsakre a kòm yon mistè (yon mèvèy ki depase n), yon pwofesi ak yon misyon.
- Kontinye chache nouvèl fòm nan pou n reyalize Lamisyon nan tèt kole ak layik yo, nan konsidere nou menm ak yo kòm yon sèl kòd fanmy ki pataje menm karis.
- Akonpaye fanmi yo nan mòd lavi yo, nan angajman yo ak misyon edikatè yo nan kiltive valè, rèv, eksperyans sosyal ak espirityèl ki fòtifye relasyon yo nan tout direksyon.



## Rantré 2 pi fon nan espirityalite La sent Trinite a

- Kontinye a pati Levanjil la, nan dinamik pelerinaj ak soti deyò a, bagay k ap kontribiye nan imanizasyon nou ak sila yo n ap sèvi yo nan tout pèp ak kilti.
- Rekonèt divèsite idantite yo ak yon bon dispozisyon k ap fòje relasyon ant moun ak moun pou dyalòg ak konpassyon.
- Pran responsabilite yon estil lavi moun pòv yo, sila a ki konfwonte kilti konsomatè yo epi tou ki voye jete tout vye kilti esklizyon.
- Toujou chache mwayen ranje sa ki pa fin bon antre pou nou k ap montre pi aklè prezans Bondye nan sa n ap viv chak jou a.



# Mache 3 nan chemen pou n fòme yon Legliz tou nèf

- Rantre pi fon nan chemen konvèsyon pèsonèl ak kominotè, espesyalman nan sa ki gen pou wè ak lyen pastoral ak ekoloji a.
- Refèt novo mòd pou n vin tounen Legliz la a pati yon fòm sinòd yo, nan dinamik disènman, nan pote n ap pote boure nan desizyon k ap pran yo ak nan animasyon estrikti Legliz nou yo.
- Aksepte preokipasyon ak rechèch Legliz la ap fè yo, epi dispoze n pou nou pote sijesyon ki k ap anime n preche Levanjil la yon fason novo.
- Sipòte fè yon nouvèl eksperyans, yon litiji ki vivan, ki pran rasin nan reyalite a ak nan kilti nou.
- Fè pwomosyon ak fòme novo lidè espesyalman fanm ak layik tankou sitwayen kò Legliz la.



## 4 chwa nou fè pou sila yo ki eskli yo depi yon rega kontanplatif sou reyalite a

- Ranfòse angajman sosyal yo, nan pran pati pi plis pou Lévanjil lavi a nan mitan pòv yo ak nan renouvèlman Lespérans lan.
- Favorize enfòmasyon politik ak patisipasyon nan enstansiblik yo pou dwa individyèl ak kolektif yo respekte.
- Pouse rechèch an favè diyite moun ak byen komen an pi devan, ansanm ak moun yo meprize yo.
- Kontinye fouye ak asire dimansyon mèvèy Bondye ak pwo-fesi a nan Lavi Konsakre a, kòm repons gwo envitasyon Bondye ap fè nou yo nan diferan kontèks ak moun.
- Fasilité yon nouvo rega kontanplatif ki kapab rekonèt menas aktyèl yo nan sistèm politik, sosyal ak ekonomik la pwo-poze pou planèt, sa ap pèmet nou fè bon alyans, patisipe epi angaje nou nan defans dwa lavi, lapè ak planèt la.



## 5 an favè yon etik ki pèmèt moun rankontre epi pran swen youn ak lòt


- Kontinye mare ansanm rèd ak relasyon ant legliz yo, kongregasyon yo, ant nasyon yo, kilti ak jenerasyon, sa ki eksplike lakominyon ak solidarite.
- Fè pwemosyon yon kilti rankont ak bon trètman a pati estil Jezi te konn kominiye a, li te bay moun premye plas nan tout sa l t ap fè.
- Chache konnen pi fon pwblematik abi yo anndan ak deyò Legliz la pou nou k ap sisite yon konsyantizasyon, konvèsyon ak yon nouvèl pratik pou nou k ap kreye bon jan relasyon nan mitan moun.
- Jere espas gratis, pèsonèl ak kominotè, ki pèmèt lyen resipwòk, yon rega pozitif lavi a ak pwolonje ak tout fòs nou fèt la nan sèvis lavi a.



## chwa pou yon Ekoliji entegral

- Fè moun yo rekonèt ke lanati se yon liv sakre li ye epi tou tout kreyati yo depann youn ak lòt
- Favorize amoni pèsonèl, sosyal ak ekolojik nan pran defans lavi a, pèp yo ak kilti yo.
- Pouse pi devan konvèsyon ekolojik la ki fè nou rekonsilye, rann kominyon an pi fò, epi fè nou respekte ekosistèm natirèl yo, nan ankouraje moun yo pran swen lavi ak kay ki pou nou tout la.
- Fè tout moun pran konsyans ke li ijan pou Lavi Konsakre a angaje l bò kote amazoni, pandan n ap kite richès kiltirèl ak espirityèl yo enspire nou. Kòm manm aktif Rezo Panamerikèn nan, moun ki gen konesans sou risk n ap kouri nan rejyon sa a, sou danje kap peze sou do rejyon sa a, sou defi yo k ap prezante yo; nou kole zepòl nou ansanm pou n chache altènativ ak aksyon pou konvèsyon ak pwoteksyon.

# Plen Krich Pawól la, Lavi ak Pwofesi a



Ak yon fèt, ak yon bankè, Jezi te kòmanse misyon I. Nan yon kay pòt gran ouvè li te akeyi tout envite yo. Konsa, Jezi te manifeste dimansyon relasyonèl Bondye ak limanite nan yon relasyon moun marye ak yon tab plen ak emosyon: renmen, dans, fèt, kè kontan, manje bwè. (Te gen enkyetid tou, te manke diven).

Bondye nòs Kana a se Bondye ki fè nou rankontre bò tab la, se Bondye kè kontan an, ke nan yon listwa damou ak dans li fè alyans ak nou ak tout kreyati li yo epi tou li pasyonen pou lavi k ap fleri an abondans.

Antan ke Konsakre nou ta renmen bay sa ki pi bon an nan nou, pou ke abondans bon jan diven nouvo vin tounen reyalite nan kontèks reyalite kongregasyon nou yo ak nan pèp nou yo.

## 1. Viv pwòp vokasyon pa w la ak anpil bon sans

Premye bagay nou ka souliye nan istwa nòs Kana a sèke "Manman Jezi te la" (Jn 2,1), li se premye pèsonaj ki te parèt sou sèn nan. Prezans li toujou la bò kote Jezi nan lavi piblik li. Li toujou prezan chak fwa gen bezwen konkrè pou li: fè limyè sou sans prezans Jezi (Mt 12, 46-50), chak fwa yo di vye koze sou pitit la, epi lè yo akize l de moun fou (Mk 3,22), nan mòn kalvè a, nan pye lakwa (Jan 19,25-27), epi nan tèks nou an, lè li manke diven (Jan 2,3). Mari pa tann nou dil sa ki ap pase; li toujou rive a lè, sa ki montre n li se "yon manman, yon fanm, epi yon disp".

Zantray Mari antan ke manman toujou prezan lè li ap pran desizyon ki ale nan sans Jezi: li se disip Jezi nan tout sans mo a, li fè l konfyans epi li mize sou li nan tout sikostans. Nan bonjan relasyon ak pitit li, epi depi premye moman li te pote l nan zantray li, Mari vin tounen non sèlman "krich" ki pote bon Diven an, men tou gadyèn pèpetyèl k ap garanti ke li pa manke anyen.



Kana se youn nan sèt siy nou jwenn nan Levanjil Jan. Premye siy lan, ki konte sans pwofon eksperyans lan se: Bondye refè lyen ak pèp li a, li manifeste volonte l sou sa pa lantremiz Jezi ak manman l. Siy la ki revele nou relasyon pwòch, atansyon, renmen san kondisyon, lajwa, fêt, se senbòl diven an. Yon diven yo bay an kantite. Rekonèt nan siy lan laglwa Bondye, li se lavi an kantite pou tout limanite ak kòsmòs la, li pote n viv lafwa nou pi fon nan Jezi, nan sans pwòp vokasyon nou.

Tankou Lavi Konsakre a nou santi nou envite pou n fè yon lekti ak bon konprann, yon lekti kritik epi tou responsab tout siy yo ki antoure nou yo, pou nou entèprete yo ak limyè Levanjil la, epi pou n bay repons ki chanje lavi moun yo epi ki pote lesperans.



## Lè pwofetik nou an:

- Lavi Konsakre a jwenn rasin li nan Levanjil tankou premye enspirasyon li, epi li transfòme nan memwa vivan fason Jezi te egziste ak fason li te viv.
- Lavi Konsakre a fè opsyon pou sila yo k ap viv nan bò barank lavi, avèk epi apati pòv yo ak nouvèl povrete (aktè k ap monte yo), li fè yon relekti karis yo.
- Lavi Konsakre a fòme moun ak yon idantite solid, moun ki kapab etabli lyen entèpèsonèl ak matirite ak kapasite kritik ak lespris disènman, moun ki louvri a kesyon ki fè nou pote siy tan nouvo a.
- Lavi Konsakre a bay fòmasyon priyorite, nan yon melanje spirityalite ak fòmasyon akademik ak pwofesyonèl seriye epi an kontak ak reyalite a.
- Lavi Konsakre a akonpaye fanmy yo nan konstwi yon bon mòd de vi pou yo k ap panse yon fason pozitif may sosyal la ak territoryal yo.

## 2. Ann rantre nan nanan espirityalite Sent Trinite a

Levanjil Jan an, yon ti jan pi ensiste pase lòt levanjil yo sou pwen sa a, li souliye prezans Sent Trinite a nan tèks li yo. Li montre yon pwojè ki egziste avan tout tan e ki tounen moun (Jn 1,1s), reflete nan sans sa misyon Bondye pou tout kreyasyon an rantre nan yon sèl pwojè: "se pou yo vin fè youn menm jan ou menm ak mwen fè yon sèl" (Jan 17,22). Kominote a nan katriyèm levanjil la gen yon plan ki gen pou wè ak sove moun nan listwa, sa Jan rele a "Lè a" (Jan 2,4). Nan listwa nou an, manman Mari fè entèvansyon li daprè plan Sent Trinite a, bagay ki revele imilite Trinite a ak fleksibilité I pou I akeyi entwisyon Mari nan tan lagras la. Si manman an, yon bò, pran chans pou l'akselere lè a (Jn 2, 3), yon lòt kote, li montre yon pridans ak sajès lè li efase prezans li epi li egzòte sevitè yo: "Fè sa li di nou fè" (v.5).



Bondye se yon Bondye ki etabli relasyon li ye. Bondye Trinite deside tabli relasyon, se kòmansman dyalòg, konvèjans plizyè fòm ak plizyè fòm de konvèjans, sa fè n sonje, nan Bondye pa geyen inegalite ak diskriminasyon; ni divizyon ni konpetisyon; men sèlman nan Li genyen linite, nan renmen nan mitan divèsite. Lavi Konsakre a se pòtre ak ikòn Trinite a li ye, kan lavi kominotè I ap mennen an sanble ak enklizyon renmen Bondye a. Nou menm nou vin tounen nan lagras, sa Bondye ye a menm, nan nati li, sa vle di, moun ki nan yon total kominyon ak Bondye, antre yo menm epi ak tout sa ki egziste.

Tankou Lavi Konsakre a nou santi n envite pou nou kapab plen gwo krich nouvèl dinamik kominyon yo nan mitan reyalité n ap viv chak jou a nan anviwònman nou yo.

## Lè pwofetik nou an:

- *Lavi Konsakre a pran a de bra akèy, li fè diferans yo tounen pa li, li poze aksyon konkrè epi li pwoteje karavan migran yo ki ap travèse kontinan nou an.*
- *Lavi Konsakre a mize sou entèkongregasyonalite, entèkiltiralite, entèjeneralite ki kreye espas bon enèji pou yon lekòl aprantisaj nan mitan divèsite a.*
- *Lavi Konsakre a repanse idantite karis li yo an relasyon ak layik yo. Nan yon lespri pou menm sans pètenans (m vle konprann mo pètenans lan: No entendí Pètenans) ki menen nan nou viv tout karis yo tankou yon sèl kòd fanmi. Epi pou n k ap kreye plas pou ekri epi pouse pwojè nou yo pi devan: fòmasyon, evanjelizasyon ak angajman sosyal yo.*
- *Lavi Konsakre a ap kontinye ak pwosesis rekonfigirasyon an ak resiyifikasyon an nan tout nivo, epi tou la chèche yon transfòmasyon radikal sou mòd lavi moun n yo, sèvis ak apostola yo.*

### 3. Mache pou yon nouvo mòd pou fòme Legliz

Nan Nòs Kana Galile a gen yon sans pwofon de pètenans. Manman Mari se premye moun ki montre nan kijan yon selebrasyon fêt dwe ye: obsève, disène, enflifyanse epi aji... An menm tan li envolikre tout sila yo ki prezan yo, koumanse pa Jezi. Inisyativ li a na yon premye moman jwenn obstak, men apresa Jezi ranfose l kan li di : "plen krich yo ak dlo" (V.7). Siy la nan istwa sa a jwenn entegrasyon ak patisipasyon tout mounn apre sa temwayaj yo ke "dlo a te tounen diven" (Jan 2,9). Te gen yon moun ki bay siyal la, apre sa yo pran desizyon pou bezwen an pa transfòme an kè sere, okontré yo te jwenn solisyón favorab pou yon objektif komén: Li pa dwe manke diven.



Tout aksyon ki pouse nou konstiwi yon Legliz kap kolabore, ki ekzije moun yo chanje mantalite, lyen ak fason ya pwosede, yon fason pou ka louvri vrè espas patisipasyon ki pèmet li efektif liy Legliz te trase a depi premye mileniyòm nan: " Sa ki afekte tout moun dwe solisyone pa tout moun". Konsa non Legliz ap vin chanje an kominate, mache ansanm, sinòd.

Tankou Lavi Konsakre a, nou envite pou n rantre lavi moun yo nan mouvman sinodalite nan tout aspè ak dimansyon yo.

## Lè pwofwetik nou an:

- Lavi Konsakre a ap revize estrikti yo, òganizasyon ak ekzèsis otorite epi rekipere kle Levanjil la pou li sèvi.
- Lavi Konsakre a ap sèvi limanite, li kite de kote tout abi, kelkanswa abi pouvwa, konsyans ak seksyèl pou li libere l anba tout eskalvaj.
- Lavi Konsakre a ap pouse pi devan lyen sinodal yo nan sa li ye ak sa li ap fè.
- Lavi Konsakre a ap mache ak sila yo ki pi piti yo nan mitan pèp la, motive dinamik Kolaborasyon yo ak responsabilite tout moun, li met ansanm patisipasyon tout moun epi li apran n yo viv tankou vwazinaj nan respè youn pou lòt.

#### 4. Renouvre opsyon pou moun yo ak gwoup moun yo meprize yo apati yon kout je kontanplatif sou reyalite a

Manman Mari prezan nan Nòs la (v.1). Ti detay manke diven an nan sans vital tèks la, fè nou panse pa gen anpil byen. Nan nòs sila a pa gen kav ak rezèv diven, tankou sa te fèt nan evènman sa yo. Se te yon kay moun pòv. Prezans Manman Mari nan mitan kominote pòv sa a, se fondman mayifikat la, ki chante mizerikòd Bondye ki leve tèt moun pòv yo (Lk 1,53). Ni nan nòs Kana a kòm nan Mayifikat la, li se sèvant sèl Grammèt la, ki pase pa li pou l fè mèvèy. Rekipere diyite moun yo fè vin pòv yo, nan tèks la vle di, se pou yo pat nesesite, tristès, wont ankò a kòz de mank diven. Sa se yon siyal ki klè sou kesyon Lè Bondye a rive pou l aji nan mitan pèp li rasanble a.



Valè kretyen nan ki pi inpòtan an se rekònèt ak bay moun yo rèpè yo nan diyite moun egal ego pou yo tout pitit Bondye fè pòtre ak li.

Antan ke Lavi Konsakre, nou santi apèl pou n transfòme dlo a an pawòl prwofetik ki k ap bay realite a sans li tout bon vre. Pawòl k ap transfòme an aksyon, tandrès ak fòs, ki pote nou chanje reyalite bezwen moun yo, pou tout moun kapab devlope talan bazik yo ak realizasyon plan de vi yo nan libète ak responsabilite.

## Lè pwofetik nou an:

- Lavi Konsakre a fòme epi li bay fanm yo kapasite pou yo denonse move zak touye fanmm, vyolans sou moun ak tout fòm esklavaj modèn yo.
- Lavi Konsakre a se temwen pasyon Bondye pou sila yo ki pèdi yo, ki pa konte nan sosyete a, pi piti yo, pòv yo, moun yo meprize yo, sila yo ki nan fon listwa a.
- Lavi Konsakre a etabli pon an divèsite: sèks, ras, relijyon, ideyoloji, kondisyon sosyal epi li pase de yon eksperyans menas ak pa gen moun konfyans pou li pase nan yon eksperyans konstwi kay ki pou tout moun nan.
- Lavi Konsakre a kiltive yon kapasite pou l koute moun kap pouse gwo rèl yo ak siyal san fòs yo ki soti nan reyalite a epi li pran pozisyon pou lesperans ak aksyon ki anone que yon mond nouvo posib.

## 5. Favorizeyon etik ki pèmèt moun rankontre epi pran swen youn ak lòt

Non moun marye yo nan nòs Kana a pa site nan tèks la. Sa ki pi enpòtan la a se difèt Jezi, manman li ak disp. Yo te prezan nan kominote a ki te nan nesesite. Dimansyon relasyonèl trè prezan nan tèks la. Fèt la menm montre nou kilti rankont ak solidarite nan v i v ansanm. Prezans Jezi ak disip li yo, prèv prezans envite yo (v.2), dyalòg ant pitit la ak amnman I (V.3), konvèsasyon manman an ak sèvant yo (v.5), troke pawòl ant Jezi ak sèvant yo, kontak sèvant yo ak mèt seremoni an (v.7), ti pawòl ant mèt seremoni an ak mesye marye a (v. 10), tout sa nou sot site la yo montre nou evidans yon kominote tabli relasyon I yo avèk yon objektif komen: se pou I pa jamm manke diver. Mirak la te fèt a pati koperasyon ak patisipasyon tout moun, avèk yon rega esperans nan sèvis limanite ki nan bezwen.



Nan yon konteks ki pèmèt moun gen relasyon ak moun e ki gen kòm objektif ranstre nan lojik pouvwa, polemik ak benefis komès la, epi kote relasyon yo, byennèt chak jou a ak enterè kolektif yo ekskli yon pòsyon moun; li trè ijan pou n devlope yon etik rankont ak sitwayen komen ki gen pou objektif ede nou konprann sa ki karakterize yon atitud kreyen nan chache sa ki bon pou tout moun olye nou kreye konfli ak zak briganday. Lè nou chèche jwenn sa ki bon pou tout moun yo, nou dezaktive konfli epi nou eksprime respè pou diyite tout moun vivan.

Tankou Lavi Konsakre a, nou santi nou envite pou nou fè pwomosyon yon kilti sitwayen ak bon trètman pou tout moun nan tout kote nou ye.



## Lè pwofwetik nou an:

- *Lavi Konsakre pran a de bra angajman avèk lajistis ak dwa moun, ansanm ak resipwosite nan lyen ant tout kalite moun.*
- *Lavi Konsakre akonpaye epi tou li fè pati mouvman ak rezo k ap denonse ak defann lavi, ki ap fasilitè pwosesis transfòmasyon.*
- *Lavi Konsakre asime kilti bon trètman an, li kont tout fòm dominasyon epi li kiltive aspè non-vyolans lan.*
- *Lavi Konsakre fè biwo l yo tounen yon kote ki gen sekirite epi ki defini pwosesis ak manyè pou fasilitè: reparasyon ak atansyon sikososyal ak espirityèl timoun, jèn ak granmoun ki vulnerab yo ki viktim abi seksyèl, pouvwa ak konsyans; li angaje l nan laverite ak jistis, menm jan tou nan akonpaye viktim segondè yo (fanmi yo, kominate yo, pawas yo, eksetera).*

## 6. Fè opsyon pou yon ekoloji entegral

Pou l te kapab fè mirak la, Jezi te konte sou mwayen disponib yo "sis gwo krich an pyè jwif yo te konn sèvi ak yo pou pirifikasyon" (V.6). Ak entèlijans, li te sèvi ak enstriman li te jwenn kote li te ye a epi li te itilize yo dapre nesesite tan an. Tèks la di "li genyen la", sa ban nou enpresyon ke krich yo te la nan yon bout        k w e n . Malgre sa, fòm yo te sèvi pou yo pote yon siy aksyon nouvo ak yon sans nouvo, anpil diven pou fêt la. Nou pa ka pote diven san barik. Mirak diven an pwovoke yon dinamik ki entegre plizyè bagay: lanati tout antye patisipe pou k ap fè mirak sila posib. Tèks la montre nou ke tout eleman pou garanti yon lavi ak kè kontan, depann youn ak lòt. Menm jan tou tout pawòl Bondye a se pawòl vivan epi efikas (Hb 4, 12), istwa sa a di nou jodya "lè a rive".



Rechèch nou fè yo pou n jwenn yon fòm kreyativ ki bay rezulta, ede nou mete sou pye yon pwoesis chanjman mantalite ak kè pou favorize bon jan atitud, respè ak valè andan kè tout moun, nan lanati ak tout sa ki ekziste. Nan sans sa a, tout moun k ap patisipe nan konstriksyon yon sosyete ki se espas akèy, enklizyon ak devlòpman moun yo ak bon swen kay ki pou nou tout la. Etik rankont la ak bon trètman moun yo ede nou tabli lyen ki kondwi nan jistis ak kè kontan.

Tankou Lavi Konsakre nou santi nou envite pou n kreye yon konsyans ekilogik entegral nan kominate n ap viv yo ak nan diferan espas misyon nou yo. Nou bezwen touswit yon konvèsyon pwofon, yon fason panse, yon espirityalite, estil lavi, misyon ak estrikti gouvnèrman pou n ka reyisi mare a an-samn yon vrè kilti solidarite.

## Lè pwofetik nou an rive:

- *Lavi Konsakre a defann epi fè pwomosyon yon ekoloji entegral, li fonde nan yon espirityalite ekolojik pwofon ki espire nan "laudato Si" kòm pati yon pwojè lavi.*
- *Lavi Konsakre a denonse eksplwatasyon ak destriksyon Manman Tè a, li pap fatige nan angajman pèsonèl ak kominotè li yo pou l defann respè pou biyodivèsite planèt la ak dwa yon tè abitab pou tout moun.*
- *Lavi Konsakre pwoteje epi sove sa ki pou tout moun nan", li reklame yon novo relasyon sosyete-pouwva, politik-ekonomik epi li frennen ak tout fòs li tout sa ki fè lavi a tounen yon mache.*
- *Lavi Konsakre a mete ansanm tout fòm òganizasyon ak pwodiksyon ki pi konekte sou lavi, tankou atizan jistis solidè pou byen planèt la.*

Projeksyon

Aji  
Kite l'koule



# Sis pwen kle... sis gwo krich

Rityèl pirifikasyon yo se yon siy pratik relijyèz ki te kondanen pèp izrayèl nan yon relasyon an distans avèk Bondye, li karakterize pa yon jijman ak esklizyon nèt ale. Manman Mari te konn sa, paske li te viv nan konteks sila a epi li rann li kont fòk li chanje sitiyasyon sa a.

Jezi mande pou yo plen krich yo ak bon jan dlo pwòp, sila ki soti nan zantray, ak aksyon konpasyon, dousè, verite, jistis pou Li k ap transfòme yo an diven ki fè moun pwòch ak moun, lajwa, ak renmen. Epi li plen jis nan bouch. Konsa depi yon nouvèl relasyon ak Bondye epi ak pèp la tou, pa lantremiz Jezi ak manman I, ak fòs Lespri a, pwojè lavi an kantite ap tounen reyalite pou tout limanite ak kreyasyon an toutantye.

Krich yo te fèt ak wòch epi itilizasyon yo siyifi entèpretasyon otorite yo nan tan sa a te fè de lalwa Moyiz la ki te gen 613 prensip, nòm, règ, seremoni, senbòl... ki te vin tounen yon chay trè lou sou do moun yo epi ki te fè kè yo di a kòz twòp rit san valè yo. Pwofèt Ezekyèl te pwofetize sa (Ez 36, 24-27), lè li te di:

*M ap wete nou nan mitan nasyon yo, m ap sanble nou soti nan tout peyi yo, m ap mennen nou tounen nan peyi pa nou an. M'ap benyen nou nan bon dlo klè pou nou ka vin nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen. M ap mete nou nan kondisyon pou sèvi m, m ap wete tout vye bagay derespektan nou t ap fè yo ak tout zidòl nou yo. M ap mete lòt santiman nan kè nou. M ap mete lòt lide nan tèt nou. M ap wete tèt di nou an, m ap fè nou tande lè m pale nou. M ap mete Lespri m nan nou, konsa m ap fè nou mache dwat dapre lòd mwen ban nou, pou nou fè tou sa mwen mande nou fè. N a kenbe prensip mwen yo.*

Ebyen li lè pou nou mete n an aksyon, pou nou debouche krich yo epi plen yo ak dlo fre pou Jezi k ap ede nou konvèti dlo a an diven an kantite pou fèt ki pap janm fini. Se fèt tout envite yo pamí yo sila yo ki kontinye jouk jounen jodi a nan Lavi Konsakre a epi Bondye te rele yo a pou chanje mond la ak bon diven. Lè gen dieven an kantite epi nou apran n bwè an kominyon ak kè kontan, relasyon yo chanje epi nou dispoze nou nan sèvis lavi a.



Krich piirifikasyon yo se bay bagay tan pase. Yo fè pati tan prezan an, yo fè pati enstitisyon nou yo ki fêt ak rit, nòm, lanvi, fatig yo akòz move kondisyon travay yo. Move sitiyasyon sila yo kraze zo lavi devan yon pakèt chanjman ki mete dout sou vokasyon nou, valè vokasyon nou..., kondisyon ki tankou yon pwazon ki pa pèmèt bon jan diven an gaye epi pou zèv Jezi kapab gaye nan tout Branch Legliz ak limanite (cf. Jan 15). Jezi vle nou tounen moun k ap pote bon diven fèt la, animatè selebrasyon an, moun ki prêt pou louvri dans lan nan anbrase youn ak lòt ak lakominyon.

Imaj sa envite nou reflechi sou misyon nou antanke Lavi Konsakre nan Lamerik Latin nan ak Karayib la, pou nou selebre ak diven ou byen ak sa ki kapab ranplase diven, men nan renmen ki gaye epi ki pase pran youn ak lòt nan sèvis chak jou a.

# Pwogram ak pwojè yo

Apwofondi ak sosyalize refleksyon teyolojik ak intèdisiplinè nan sa ki gen pou wè ak Ikón Nòs Kana a ak tèm lan: "An n fè tou sal i di nou fè. Lè a rive!" "Fè tout sa li di nou. Lè a rive oubyen kounye a menm".

## Refleksyon Teyolojik

- ETAP ak KOMISYON YO
- Reaktive ak fòtifye Ekip refleksyon teyolojik yo nan Konferans nasyonal yo
- Anime a pati nanan Pawòl Bondye a, Espirityalite biblik la ak mwayen retrèt ak Lekti poun priye
- Piblikasyon KLAR a sou entènèt ak lòt Publikasyon yo
- Pòtay Enstitisyonèl ak rezo sosyal yo

## Seminè Latinoameriken ak karayib yo

### ATELYE POU KOMISYON KLAR YO:

1. Espirityalite Biblik
2. Religyèz ak Relijye yo kont movè trètman moun
3. Moun kap emigre yo ak refijye yo
4. JPIC - Ekoloji Entegral
5. JPIC - VC Amazonik
6. JPIC - VC Endijèn
7. JPIC - VC Afro
8. Orizon yo pou pote yon lòt vizyon ak bay yon lòt sans Lavi Konsakre a
9. Relijye Chè Frè yo
10. Nouvèl Jenerasyon Lavi Konsakre
11. Chanjman Sistemik
12. Edike nan soyete yo ki an chanjman
13. Kominote Relijyez yo ak Karis yo
14. Fòmasyon Lavi Konsakre a
15. Pran swen ak Pwoteksyon ti moun piti, jenn moun ak gramoun vilnerab yo.

## Seminè Rejyonal ak Nasyonal yo

- Nouvèl jenerasyon
- Rann entegrasyon relasyon komite sou bon trètman moun nan ak la KLAR
- Justis, Lapè ak entegrite Kreyasyon an
- VC afro - indijèn - amazonik
- Fòmasyon fòmatè yo
- Rekonfigirasyon vi Relijyez la
- Prevansyon abi yo ak yon kilti bon tretman

## Animasyon

- Evalyasyon epi swivi Orizon Enspiratè a: reyinyon Prezidans la ak Etap.
- Sosyalizasyon Horizon Enspiratè yo
- Akonpanyeman Konferans Nasyonal yo: Rasambleman Jeneral, Jent Direktif, Rankont Sekrete yo, Patisipasyon nan rasambleman nasyonal yo.
- Rankont ak atikilasyon ant Komisyon yo.
- Atikilasyon Konferans Nasyonal yo ak rejyonal yo.
- Relasyon ant Enstitisyon yo: CIVC-SVA, CELAM, USG, UISG, Ajans Èd yo, Entèameriken, CONFER, UICESM, COSMAN, CIEC, AMERINDIA, SOTER, Fwa Sosyal Mondyal, Relijyon yo pou Lapè, JCOR (Fòmasyon pou Ensidans Politik Kavi Kon-sakre a – ONU).
- Itilizasyon nouvèl teknoloji enfòmasyon ak komunikasyon yo
- Aktyalizasyon bank enfòmasyon yon: resous imèn, pwopozisyon fòmasyon yo.
- Sekretarya KLAR a

# Tankou pwofèt, an n prolonge fèt la

Atantif a envitasyon Mari fè nou an pou twa zan sa yo, nou rekonèt li se yon fanm tout bon, yon disip pi pwofetès. Vwa l mobilize nou pou yon pwofesi kominotè.

Tounen pwofèt nan mond lan jounen jodi a, mande nou pou n kapab koute ak atansyon san prese tankou yon seri de moun ki panse yo toujou gen repos la san yo pa koute kesyon an. Se pou nou vin n gen pasyans, paske pasyans lan pase nan kè, nan listwa, evènman ak lavi ki makonnen ansanm lè nou fè chimen ak pèp la.

Tounen pwofèt nan mond lan jounen jodi a, mande nou gade toujou pi lwen sa lòt pa kapab wè sa okenn loup pa kapab kapte. Sa dispoze nou pou nou kapab viv pi pre moun yo, santi nou pi pwòch tout fòm de vi nan bèle li, nan doulè li ak nan konpleksite li.

Tounen pwofèt nan mond lan jounen jodi a, lanse nou pou nou fè pelerinaj nan chemen nou pat konnen, ak mwens sekirite ak plis sipriz nan map wout la oubyen nan plan nou te trase a. Li sitiye nou nan zòn danjere, kote sèl sètidit nou genyen an yo rele l Lafwa e nou mete l nan sila a ki te deside bay lavi l nan kondisyon sèvitè.

Tounen pwofèt nan mond lan jounen jodi a oblige nou enfòme nou ak bon konprann ak sans kritik yon moun ki konnen vrè konesans nou jwenn li sou plas pubblik, nan lakizin, nan lekòl, nan savann ak nan sóti Legliz nou yo... li egzije nou mache nan labou epi pou nou pa konfye nou man men sila yo ki kwè ke yo gen laverite deyè mikrofòn patizan ak jounal pouvwa kòwonpi.

Men pou nou vin tounen pwofèt nan mond lan jounen jodi a, sa sipoze sitou kouraj pou n viva k odas vokasyon nou tout bon vre. Fidelite nan lapriyè ak bon epas pou n k ap rankontre ak Bondye ki tounen Pawòl la, ki asire n Lespri a pou n pase lavi nou nan fè sa ki byen. Koute epi disènen pou nou fè sa li di nou fè byen vit ak priyorite.

Jodi a se yon nesesite pou nou genyen kominote pwofèt

ak pwofetès, lakominyon talan yo ak karis yo, rechèch ansanm, ekip, travay ansanm ak mache ansanm nan direksyon yon novo mòd pou n fòme Legliz, sa k ap fè Pen an ak Pawòl la sifi pou tout moun.

Avèk sètitid sa yo nou pran chimen an pou twa zan, nan koute Manman Mari k ap envite nou.

An n fè tou sal i di n fè  
¡Lè a rive!



## Contenido

|  |    |
|--|----|
| Deskripsiyon Ikón KLAR a               | 2  |
| Prezantasyon                           | 3  |
| <b>Kontèks</b>                         | 5  |
| Konteks Sosyete a                      | 5  |
| Sa ki gen rapò ak Legliz la            | 6  |
| Sa ki gen pou wè ak Lavi Konsakre a    | 8  |
| Kite bagay sila yo touche Kè w         | 9  |
| <b>Ak limyè Labib la</b>               | 10 |
| Jan 2,1-12                             | 10 |
| Aplike TEKS la nan sans LAVI nou       | 11 |
| Plen Krich Pawól la, Lavi ak Pwofesi a | 18 |
| <b>Pwojeksyon</b>                      | 31 |
| Sis pwen kle... sis gwo krich          | 32 |
| Pwogram ak pwojè yo                    | 34 |
| Tankou pwofèt, an n prolonge fèt la    | 36 |

## Kredi

### Direksyon:

Hna. Gloria Liliana Franco Echeverri, ODN  
P. Francisco Antonio Méndez Serrano, SDB  
Hno. José Sánchez Bravo, FMS  
Hna. Nancy Negrón Ortiz, MBP  
Hna. María Inés Castellaro, VN  
Hna. Daniela Adriana Cannavina, HCMR

**Edisyon:** Secretariado General de la CLAR

**Tradiksyon:** Pè Jean-Hérick Jasmin, OMI

**Revizyon estil la:** Pè Gilbert Peltrop, CSsR

**Desen ak dyagramasyon:** Martha Viviana Torres

**Potrè Kouveti a:** Hernando Acevedo Pérez

**Imágenes:** Hernando Acevedo Pérez, Cristina Hereñú,  
Luís Henrique Alves Pinto

# Fèt la pa kapab kanpe Im KLAR a pou 2018-2021 an

Ta sanble tout bagay fini, pa gen anyen ankó, tout bagay epwize  
Koerans la, radikalite a, sa ki esansyèl yo, rèv yo  
Ki kote nou ka reprann lesperans ak pasyon?  
Sèl sa nou gen se kèk vye kanari tradisyon an, nouvote a ap rele, I ap  
vini...

Nou an fèt, lè a rive  
Mari fè vit, lè a rive  
Fèt la pa kapab kanpe  
Limyè Lespri a pa kapab etenn

W ap gade n epi n ap gade w paske ou se Granmèt la  
Ou te rele n pou kap vi n tounen zanmi ki nan misyon ansanm, Levanjil  
la se ojou lejou li ye.  
Legliz tou nèf la, nan imilite ak fedelite I ap fleri tou dousman  
Li touse manch li epi I ap jwe jwèt la jouk sa kaba.  
Yon Legliz temwen, legliz pòv yo, sila yo ki pi piti yo

Fè tout sa li di nou fè, lè a rive  
Mari ap di nou fè prese, lè a rive  
Fèt la pa kapab kanpe  
Limyè Lespri a pa kapab etenn

Li pa twò ta, tan sa se tan nòs la, se tan lagras la.  
Bon diven Jezi a gaye toupatou, li fè kè n kontan anpil  
Nou prêt pou n renmen epi tou pou n ankouraje pèp pòv la ak tout sila  
yo ki vle pote kole, nan bouch twou ak repare lavi moun yo.

N ap fete toujou, lè a rive  
Envite yo anpil, lè a rive  
Fèt la pa kapab kanpe!  
Limyè Lespri a pa kapab etenn

*Kompozitèz: Hna. Marcela Bonafede, ODN (Argentina)  
Orden de la Compañía de María Nuestra Señora*



KLAR  
Ri 64 No. 10 - 45 Etaj 5 Bogota, Kolonbi  
Tel. (57-1) 310 0481 / 9272889